# RESPUBLIKALÍQ ENDOKRINOLOGIYA DISPANSERINIŃ JAŃA IMARATÍ AShÍLDÍ!

Xalqımızǵa kóp jıllardan berli xızmet etip kiyatırǵan QR Densawlıqtı saqlaw ministrligine qaraslı Respublikalıq endokrinologiya dispanseri jańa imaratınıń ashılıw máresimi bolıp ótti. Ashılıw máresimine QR Densawlıqtı saqlaw ministri M.I. Qurbanov, ministr orınbasarları hám ministrliktiń bas qánigeleri, respublikamızdaǵı emlew-profilaktika mákemeleri bas shıpakerleri, endokrinologiya tarawında kóp jıllar miynet etken nuranıy shıpakerler, dispanserdiń medicina xızmetkerleri hám ǵalaba xabar quralları qatnastı.

Image not found or type unknown

Bul dispanserdiń rekonstrukciya jumıslarına jámi 6,860 milliard sum qarjı ajıratılǵan bolıp, zamanagóy ásbap-úskeneler hám inventarlar menen támiyinlengen. Imarattıń birinshi qabatında dispanser poliklinikası iskerlik kórsetip, sapalı medicinalıq tekseriwlerdi ámelge asırıw ushın hárbir qánigege tolıq qolaylıqlar jaratılǵan. Sonday-aq, imarattıń ekinshi hám úshinshi qabatında endokrinologiyalıq kesellikler menen awırǵan nawqaslardı stacionar sharayatta emlew ushın bir, eki hám úsh adamlıq palatalar ajıratılǵan. Dispanserde nawqaslarǵa ayrıqsha qolaylıq jaratıw maqsetinde lift iske qosılǵan.

Image not found or type unknown

Endokrinologiya tarawında kóp jıllıq miynet etken nuranıy shıpakerler dispanserdegi jaratılǵan sharayatlar menen tanısa otırıp, tarawǵa kórsetilip atırǵan bunday itibardan kewilleri shad boldı. Densawlıqtı saqlaw tarawında emlew-profilaktikalıq mákemeleriniń jańadan rekonstrukciya etiliwi hám olardıń materiallıq-texnikalıq bazasınıń bekkemleniwi nawqaslar kewlinde sawalıwǵa degen úmit, al shıpakerler iskerligine bolsa ayrıqsha kúsh-ǵayrat baǵıshlawı sózsiz, álbette.

QR Densawlıqtı saqlaw ministrligi Málimleme xızmeti